

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan toponimi ngaran-ngaran pasir di Kacamatan Cimenyan miboga tujuan pikeun maluruh sajarah/asal-usul ngaran pasir, aspék toponimi, jeung aspék antropolinguistik. Tuluy data ngaran pasir diguar maké tiori toponimi nu ngawincik aspék toponimi jadi dua, nyaéta aspék fisikal jeung aspék non-fisikal. Aspék fisikalna diwangun ku ciri hidrologis, géomorfologis, jeung biologis (flora jeung fauna). Sedengkeun aspék non-fisikalna diwangun ku aspék sosial jeung aspék kultural. Salian ti ngaguar aspék toponimi, ieu panalungtikan ogé ngaguar ngeunaan parameter antropolinguistik, nu ngawengku hubungan, ajén, jeung kesinambungan.

Sacara asal-usul, kapaluruh yén ngaran-ngaran pasir nu aya di Kacamatan Cimenyan ngabogaan kasangtukang nu euyeub dina sajarah ngajanggélékna. Ilaharna, ngaran-ngaran pasir dipangaruhan ku kaayaan alam sabudeureunana. Saperti Pasir Kiara, Pasir Honjé jeung Pasir Cangkudu nu dingaranan ku sabab tumuwuhna éta ngaran-ngaran tutuwuhan di sabudeureun éta pasir. Ogé Pasir Panyandaan nu katitén ku ayana Situs Makam Panyandaan.

Sacara aspék toponimi bisa dicindekkeun yén ngaran-ngaran pasir nu aya di Kacamatan Cimenyan téh didominasi ku aspék non-fisikal. Ieu hal bisa katitén yén kapaluruh aya 7 (tujuh) ngaran pasir dumasar kana aspék fisikal jeung 10 (sapuluh) ngaran pasir dumasar kana aspék non-fisikal. Ngaran-ngaran pasir nu kaasup kana aspék fisikal, di jerona diwangun ku 5 (lima) ngaran pasir dumasar ciri biologis flora jeung 2 (dua) ngaran pasir dumasar ciri biologis fauna. Sedengkeun ngaran-ngaran pasir nu kaasup aspék non-fisikal, di jerona diwangun ku 8 (dalapan) ngaran pasir dumasar aspék sosial jeung 2 (dua) ngaran pasir dumasar aspék kultural.

Sedengkeun dumasar kana tilu parameter antropolinguistik kapaluruh yén sakabéh ngaran pasir téh dipangaruhan ku aspék hubungan. Aspék hubungan téh raket patalina jeung kontéks situasi ogé sosial nu aya di sabudeureunana. Tuluy aya 6 (genep) ngaran pasir nu dipangaruhan ku aspék ajén. Dina aspék ieu ngagambarkeun

ma'na dina méré ngaran hiji tempat, masarakat téh kapangaruhan atawa henteu ku hal nu aya di sabudeureunana. Nu pamungkas aya 4 (opat) ngaran pasir nu kapangaruhan ku aspék kesinambungan, hartina asa-usul ieu ngaran pasir téh diwariskeun sacara turun-tumurun ka generasi satuluyna.

## **5.2 Implikasi**

Ieu panalungtikan toponimi ngaran-ngaran pasir di Kacamatan Cimenyan, hasilna nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh masarakat ngeunaan toponimi nu aya di Tatar Sunda. Salasahijina nyaéta toponimi nu aya di Kacamatan Cimenyan. Ogé pikeun ngeuyeuban deui panalungtikan dina wanda toponimi nu bisa dijadikeun tatapakan ku panalungtik satuluyna. Salian ti éta, hasil tina panalungtikan ieu bisa dijadikeun data invéntaris ngeunaan toponimi ku pamaréntah.

## **5.3 Rékoméndasi**

Dina ieu panalungtikan téh masih aya pasualan-pasualan nu acan kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep sangkan aya panalungtikan satuluyna pikeun ngaguar pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak nu patali jeung widang kabudayaan, dipiharep bisa ngarojong kana panalungtikan jeung ngainvéntarisir data sajarah, sarta data toponimi nu aya di Kacamatan Cimenyan, sangkan masarakat bisa mikanyaho kana sajarah/asal-usul ngaran lemburna séwang-séwangan. Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa maluruh ngeunaan data sajarah/asal usul ngaran lemburna sorangan, ogé ulah nepi mopohokeun kanu budayana sorangan.